

FÈY ENFÒMASYON



YON PIBLIKASYON POU DIVIZYON ETA
NOUYÒK LOJMAN AK RENOUVELMAN KOMINOTÈ
BIWO ADMINISTRASYON LWAYE

Arasman #17

Arasman pa yon pwopriyete se yon kou konduit ki gen entansyon fose yon lokate soti nan apatman li, oswa lakoz yon lokate abandone dwa lokate a pa Lwa sou Estabilizasyon Lwaye oswa Lwa Kontwòl Lwaye. Yon met kay, oswa nenpòt moun ki aji sou non yon pwopriyete, pa dwe entefere ak vi prive li, konfò, oswa jwi peizibilite apatman an. Entèferans gen ladan diminye sèvis oswa angaje nan pwosedi tribinal san rete. Amanman Lwa 2014 la (RCA 2014) elaji jan de konduit sa yo pou enkli ranpli fo dokiman oswa fè deklarasyon fo nan DHCR.

Arasman se yon vyolasyon serye de dwa yon lokate. Divizyon Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York (DHCR) etabli Inite ki gen pou misyon Aplikasyon Lwa Espesifik la pou jere ka Arasman. Inite a genyen anplwaye ak avoka ki espesyalize nan zòn sa a nan lwa yo. Yo reponn a tout plent sou arasman ki te fèt nan Eta New York ki lye avèk lojman lwaye

Lè yo fin resevwa yon fòm plent ki byen ranpli, RA-60H "Deklarasyon Plent (yo) - Arasman Lokate a", revize plent lan pou detèmine aksyon ki apwopriye a. Pwosesis revizyon an ka detèmine ke lokate a dwe depoze yon plent, tankou pou li renouvle lwaye a oswa yon plent de rediksyon sèvis de sèvis olye de yon plent de arasman. Si se konsa, ajans lan pral ba ou fòm ki nesese yo. Si plent la aksepte reyalye ki ta konstitye asèlman, ka a louvri epi asiyen a yon avoka nan Inite Aplikasyon Lwa. Yon kopi plent lan pral soumèt pa pwopriyete a ak sèvis ekzekisyon mandate a pral òganize yon konferans pou lokate a ak pwopriyete a. Rezon konferans lan se pou mennen ankèt sou pwoblèm asèlman an epi eseye rezoud pwoblèm eksepsyonèl.

Konferans lan ka bay rezilta yon rapò, kèk direktiv ak ajans yo ak lòt aksyon ke nesese ak apwopriye de sikonstans lan. notaman siveyans toutan de kèk bagay pou veye ke tout konpòtman asèlman sispann ak pou ke reparasyon fèt.

Si yon pwopriyete kontinye ap angaje nan yon konpòtman ilegal oswa yon vye konduit, oswa li pa neglije swiv direktiv ajans yo, Inite Aplikasyon an ap kòmanse yon odyans fòmèl anvan yon Jij Dwa Administratif DHCR mande amann kont pwopriyete a. Yon odyans fòmèl fèt nan yon biwo DHCR epi li egzije moun nan parèt an pèsòn, pou bay temwayaj. Nan anpil ka, sa a ka mande ou prezant plizyè jou

Pwopriyete yo jwenn koupab de arasman lokate a ap peye yon minimòm amann 3 000\$ pou yon premye ofans, ak jiska \$ 11,000 pou plis aksyon si sa ta fèt a plizyè lokate. Anplis de sa, DHCR pa pral pèmèt ogmantasyon lwaye a yon fwa ke yo jwenn ke te gen arasman ki te fèt ladanl Restriksyon sa a rete jiskaske DHCR bay yon lòd ke yo sispann jwenn arasman.

Si ou panse ou se yon viktim arasman, ou ka jwenn yon «*Deklarasyon Plent Lokatè (yo) - Arasman* (DHCR Form RA-60H)», sòti nan awondisman ou oswa Biwo Lwaye nan Komin ou, oswa ekri nan:

Inite Aplikasyon DHCR
Gertz Plaza
92-31 Union Hall Street
Jamaica, NY 11433

Pou plis enfòmasyon oswa asistans, ou ka vizite Biwo Lwaye Borough ou a.

Queens
92-31 Union Hall Street
6th Floor
Jamaica, NY 11433

Lower Manhattan
25 Beaver Street
New York, NY 10004

Brooklyn
55 Hanson Place
6th Floor
Brooklyn, NY 11217

Bronx
1 Fordham Plaza
4th Floor
Bronx, NY 10458

Upper Manhattan
163 W. 125th Street
5th Floor
New York, NY 10027

Westchester
75 South Broadway
3rd Floor
White Plains, NY 10601